**दिन— बुधवार** **दिनांक—21.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

ऑपरेशन सिंदूरक संदर्भ मे आतंकवादक खिलाफ भारतक रणनीति सँ दुनिया कँ अवगत करयबाक लेल सात टा सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल सभक पहिल दल, जदयू सांसद संजय कुमार झाक नेतृत्व मे आइ पांच देशक यात्रा पर रवाना भेल। ई शिष्टमंडल इंडोनेशिया, मलेशिया, कोरिया गणराज्य, जापान आ सिंगापुरक दौरा करत। दौरा पर रवाना होयबा सँ पहिने श्री झा कहलनि जे आतंकवाद पाकिस्तानक नीतिक हिस्सा अछि। ओ कहलनि जे पाकिस्तान कोन तरहेँ आतंकवाद कँ प्रायोजित करैत आबि रहल अछि। एकर जानकारी शिष्टमंडल एहि देश सभकँ देत। बहुदलीय प्रतिनिधि मंडलक एक टा दोसर समूह सेहो आइ शिवसेना सांसद श्रृकांत शिंदेक नेतृत्व मे रवाना भेल।

———————————————————

सर्वोच्च न्यायालय मे आय सेहो वक्फ संशोधन अधिनियम दू हजार पच्चीसक संवैधानिकताक चुनौती देबऽवला याचिका सभ पर सुनवाई जारी अछि। प्रधान न्यायाधीश बी. आर. गवई आओर न्यायमूर्ति एजी मसीहक पीठ एहि मामिला मे केन्द्र सरकारक पक्ष के सुनत। एम्हर मामिलाक काल्हि भेल सुनवाइयक दरमियान पीठ कहलक जे एहि कानून पर रोक लगयबाक लेल मजगूत मामिला पेश करऽ पड़त। प्रधान न्यायाधीश कहलनि जे संसद द्वारा पारित कानून सभ मे ताऽ धरि अदालत हस्तक्षेप नहि करैत अछि, जा धरि ओहि मे स्पष्ट रूपेँ असंवैधानिकता साबित नहिं भऽ जाय।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अमृत भारत स्टेशन योजनाक अंतर्गत काल्हि राजस्थानक बिकानेर मे आयोजित एकटा कार्यक्रम मे अठारह राज्य सभक आओर केन्द्र शासित प्रदेश सभक पुनर्विकसित एक सय तीन रेलवे स्टेशनक उद्घाटन करताह। एहि योजनाक अंतर्गत विभिन्न स्टेशन सभ पर यात्री सभक लेल सुविधा सभक विस्तार कएल गेल अछि। नव वेटिंग रूम, प्लेटाफॉर्म, टॉयलेट ब्लॉक, वाहन सभक पार्किंग आओर स्टेशन मे आवाजाहिक लेल बेसी सुविधा सभ उपलब्ध कराबाओल गेल अछि।

——————————————————————

राज्यक अधिकांश भाग सभ मे प्री–मॉनसून बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग आय मधुबनी, सीतामढ़ी आओर दरभंगा जिला मे किछु स्थान सभ पर बिहैरि, बरखा आओर वज्रपातक रेड अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एम्हर, सीतामढ़ीक संवाददाता जनौलनि जे जिला विभिन्न भाग सभ मे मेघगर्जनक संग मुसलाधार बरखा भऽ रहल अछि। पटना आओर आस–पासक इलाका सभ मे सेहो छीट–पुट बरखा भऽ रहल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सहरसा, मधेपुरा, किशनगंज आओर पूर्णियां समेत राज्यक उत्तर–पूर्व भाग सभ मे विभिन्न स्थान सभ पर तेज बरखा भेल अछि। ढेंगरा घाट मे सभ सँ बेसी छियालीस दशमलव दू मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान राज्यक विभिन्न भाग सभ मे बिहैरि, बरखा आओर वज्रपातक आशंका बनल अछि।

——————————————————————

पूर्व प्रधानमंत्री राजीव गांधीक चौंतीसम पुण्यतिथि पर आय देश हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हुनका श्रर्द्धापूर्वक मोन पाड़लनि अछि। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे आओर वरिष्ठ कांग्रेस नेता राहुल गांधी सेहो नई दिल्ली स्थित राजीव गांधीक समाधि स्थल वीरभूमि मे श्रर्द्धा–सुमन अर्पित कयलनि। एम्हर, पटनाक कांग्रेस प्रदेश कार्यालय, सदाकत आश्रम मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कएल गेल। जाहि ठाम प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आओर अन्य नेता लोकनि राजीव गांधीक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

——————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां पूर्वी चंपारण जिलाक सुगौली प्रखंड अंतर्गत बगही पंचायतक भ्रमण कयलनि। श्री खां इंजिनियर परवेज मोहम्मद सँ मुलाकातक दरमियान कहलनि जे एहि ठामक लोक सभकेँ हिलमिल कऽ रहैत देखनाइ एकटा सुखद अहसास अछि।

खगड़िया जिला मे अठारह बरख तक केँ बेसहारा आओर अनाथ बच्च सभक आधार कार्ड बनाएल जयबाक अभियान सत्ताईस जून सँ पांच अगस्त धरि चलत। प्रभारी सचिव रितू कुमारीक अध्यक्षता मे आय भेल जिला विधिक सेवा प्राधिकरणक बैसार मे ई निर्णय लेल गेल।

——————————————————————

शिक्षा मंत्री सुनिल कुमार कहलनि जे राज्य मे अनुकंपा पर बहालीक प्रक्रिया अविलंब शुरू होयत। श्री कुमार आय पटनाक जदयू कार्यालाय मे जनता दरबारक दरमियान विभाग सँ जुड़ल शिकायत सभ के सुनि रहल छलथि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष दिव्यांग बच्चा सभक शिक्षाक बेहतर व्यवस्थाक लेल नमहर पैमाना पर विशेष शिक्षक सभक नियुक्ति कयल जायत।

——————————————————————————

केन्द्रीय कृषि राज्य मंत्री रामनाथ ठाकुर कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे राज्यक किसान सभकेँ अत्यंत लाभ भऽ रहल अछि। श्री ठाकुर सीवान मे संवाददाता सभसँ बातचीत करैत कहलनि जे केन्द्र आओर राज्य सरकार किसान सभक आमदनी बढ़ेबाक लेल कतेको योजना चला रहल अछि। ओ मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक स्वास्थ्य के लऽकऽ विपक्षक बयान के अनर्गल प्रलाप बतएला।

——————————————————————————

समाप्त